



Mary E. Skipper, *Superintendent*

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246
mkipper@k12.somerville.ma.us · www.somerville.k12.ma.us
T 617-629-5200, x6005 · F 617-629-5611

23 desanm, 2020

Chè paran ak gadyen SPS yo,

Pandan ke n'ap prepare pou vakans ivè a, nou vle ba nou yon mizajou sou travay vantilasyon batiman an ak plan reouvèti lekòl jan li te pataje lendi swa nan reyinyon Komite Lekòl lan ([nou ka jwenn paj yo la](#)). Nou apresye travay ke Rich Raiche ak ekip li a nan Depatman Enfrastrikti ak Jesyon Byen Somerville (IAM) fè pandan plizyè mwa ki sot pase yo pou asire ke batiman lekòl nou yo pare pou yon reouvèti san danje.

Nou resevwa yon nouvo orè konstriksyon preliminè ki gen delè optimis ak pesimis ladan'l pou konplete travay vantilasyon an nan chak batiman lekòl. Kòm nou te di semèn pase, vil la te arive redwi delè sou rive jwenn filtè ki nesèsè yo pou fini travay saa, ki diminye delè disponiblite batiman yo pa plizyè semèn. Pandan ke gen yon posibilite ke nou gen 2-6 batiman disponib nou ka itilize nan fevriye ou mas, plan nou se itilize batiman lekòl yo menm kote yo disponib pou fè elèv yo retounen lekòl nan faz nou idantifye yo nan Plan Reouvèti nou an. Elèv ki gen pi gwo priyorite yo se elèv PK-12 ki gen bezwen èd espesyal ak elèv ki ap aprann lang anglè nan nivo 1 ak 2, vin aprè se elèv Pre-K ak elèv jadendanfan. Yon fwa nou konnen dat egzak lekòl nou yo ap prè pou moun al anndan yo, nou ka finalize tout moso lojistik nesèsè yo epi kòmanse tranzisyon nou pou enstriksyon an-pèsòn. Lojistik sa yo gen ladan:

- Fè sondaj ak paran/gadyen yo pou chèche konnen ki elèv ki pral retounen epi kiyès ladan yo ki pral chwazi pou rete sou entènèt; enfòmasyon saa ka varye selon si elèv yo ap nan lekòl orijinal yo oswa nan yon lòt lekòl tanporè.
- Fè aranjman transpò pou elèv ki gen bezwen èd espesyal ak elèv ki ap aprann lang anglè nivo 1 ak 2. Li enpòtan pou sonje ke konpayi transpò yo gen kapasite limite akòz kondisyon ret-a-distans.
- Kreye yon orè pou fè tès debaz pou tout elèv ak anplwaye yo ki ap retounen nan ansèyman an-pèsòn nan chak batiman yo.
- Si gen pwogram spesifik k'ap chanje lokal pou yon ti tan nan yon lòt batiman, fè aranjman pou deplase mèn oswa lòt ekipman espesyalize pou pwogram sa yo. Li enplike travay ak DPW e ranje sal klas yo pou pwogram sa yo ki chanje lokal.
- Kontinye travay ak inyon nou yo pou nou negosye nenpòt chanjman nan kondisyon travay nou yo epi planifye pou yon tranzisyon pezib pou tounen nan batiman lekòl nou yo.

Travay atenuasyon batiman nou yo kòmanse epi n'ap kontinye kenbe nou enfòm chak semèn ak tout lè nou jwenn dat konkrè disponiblite batiman yo. An patenarya ak Vil la, n'ap òganize pwochen Reyinyon Meri lekòl yo kèk jou nan mwa janvye epi n'a ba nou detay yo yon fwa dat saa finalize.

Nou kontinye tès COVID-19 chak semèn pou anplwaye esansyèl SPS ak anplwaye vil la tou ki ap travay kouny'a la nan batiman lekòl yo e/oubyen ki gen rapò fas-a-fas ak elèv yo. Plis ke 300 anplwaye te teste nan 2 semèn pase yo atravè patenarya nou ak Broad Institute e Tufts University.

Finalman, nou ta renmen bay klarifikasyon sou kèlke kesyon ak enkyetid ki te prezante sou sijè vaksen.

- Yè yo fè nou konnen ke Depatman Sante Piblik Massachusetts avanse delè pou elèv yo pran vaksen grip flu jiska 28 fevriye 2021 a mwens ke yo prezante yon nòt medikal ou relijye ki eskize yo de vaksen an.
- Nou PA'P mete elèv yo deyò nan sistèm edikasyon an si yo pa resevwa vaksen grip flu a, men yo dwe resevwa vaksen grip flu a anvan yo ka tounen nan ansèyman an-pèsòn an dedan lekòl yo. Elèv yo ki pa resevwa vaksen grip flu a ap kontinye aprantisaj a distans atravè entènèt.
- Pwogram P-EBT ki bay sipò manje pou fanmi yo PA gen okenn rapò avèk règ vaksen grip flu a. Fanmi yo PA'P pèdi benefis P-EBT yo poutèt pitit yo pa pran vaksen grip flu a. Nou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram P-EBT nan lyen saa: <https://www.map-ebt.org/home/#ihdtab>.
- Nou rekonèt ke li difisil pou fè aranjman pou elèv yo al fè egzamen doktè nan moman saa poutèt sant sante yo limite akòz COVID-19, e n'ap kontinye travay ak fanmi yo si yo gen bezwen.

Yon lòt fwa ankò, yon mèsì sensè pou angajman nou ak patenarya nou pandan tout ane difisil saa. Nou swete nou yon vakans ivè ak pridans, trankilite e rajenisman, epi nou pa ka tann yon 2021 ak espwa e bòn sante.

Avèk respè,

Mary Skipper, Direktè Prensipal